



Pou Piblikasyon Imedya: 06/06/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PRÈSKE 33 MILYON DOLA SIBVANSYON POU FÈM NEW YORK POU PWOTEJE PLIS PASE 4,977 EKTA TÈ AGRIKÒL

33 Pwojè yo bay sibvansyon nan Finger Lakes, Southern Tier, Mid-Hudson, Mohawk Valley, Sant New York, ak Rejyon Kapital yo pral konsève 5,000 ekta bon tè agrikòl atravè pwogram pwoteksyon tè agrikòl la

47,915 ekta tè agrikòl ki pwoteje atravè eta a

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yo bay òganizasyon konsèvasyon san bi likratif yo prèske 33 milyon dola pou pwoteje yon total 5,000 ekta tè agrikòl ki gen anpil valè nan 33 fèm atravè Eta a atravè pwogram Sibvansyon pou Enplemantasyon Pwoteksyon Tè Agrikòl (Farmland Protection Implementation Grants, FPIG). Sa se twazyèm ak dènye gwoup sèvis konsèvasyon ki finanse atravè Faz 19 pwogram nan, ki ap ede kenbe tè agrikòl nan pwodiksyon, asire vyabilite alontèm operasyon agrikòl New York yo ak ranfòse endistri agrikòl New York la.

"Tè agrikòl New York yo ak tè rich nou yo atravè Eta a se resous presye, ki ba nou espas ouvè epi sipòte pwodiksyon manje nou manje," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lè nou pwoteje tè agrikòl nou, nou ka ede asire vyabilite ak siksè agrikilti New York pou jenerasyon ki ap vini yo, se poutèt sa bidjè ane sa te enkli ankò gwo finansman pou Pwogram Pwoteksyon Tè Agrikòl."

Faz 19 Pwogram Pwoteksyon Tèren Agrikòl Eta a sipòte pi gwo priyorite Eta a yo – tankou sekirite alimantè, rezistans klimatik, ak pwoteksyon dlo sous – epi li enkli sektè agroforesttye, ekin, ak sektè vitikòl kòm aplikan ki elijib. Anplis de sa, kritè elijiblite yo gen ladan twa nouvo kategori: rekòt jaden, bèt oswa pwodwi pou bèt, ak aksè ak tè agrikòl. Aksè nan tè agrikòl gen entansyon ede jere difikilte ki ap kontinye fè fas ak nouvo kiltivatè ak kiltivatè ki kòmanse yo ansanm ak kiltivatè ki pran retrèt nan zòn sa.

Jiskaprezan, pwogram FPIG la te ede prezève plis pase 47,914 ekta tè agrikòl New York atravè pwojè sèvis konsèvasyon ki te fè yon total plis pase 282 milyon dola sou 397 fèm.

Pwojè sa yo te atribiye nan Rejyon Kapital la, Mohawk Valley, Mid-Hudson, Sant New York, Finger Lakes, ak Rejyon Southern Tier, ki bay yon total 32,835,191 dola:

Rejyon Kapital: (4,588,886 dola pou 1059 ekta):

- Agricultural Stewardship Association (Konte Washington) – Fullerton Farm-Eldridge Lane (eksplwatasyon letye ki bay nan kategori Bèt oswa Pwodwi pou Bèt) - 660,996 dola pou 196 ekta tè ak 75 pousan tè pwodiktif
- Agricultural Stewardship Association (Konte Washington) – Woody Hill Farm II (eksplwatasyon letye ki bay nan kategori Bèt oswa Pwodwi pou Bèt)- 1,234,101 dola pou 286 ekta tè ak 39 pousan tè pwodiktif.
- Mohawk Hudson Land Conservancy (Konte Albany) – Eight Mile Creek Farm-Westerlo (eksplwatasyon bèt ak legim ki bay nan kategori Pwoteksyon Dlo Sous) - 575,171 dola pou 112 ekta tè ak 74 pousan tè pwodiktif
- Agricultural Stewardship Association (Konte Rensselaer) – Larkin Hill Farm (eksplwatasyon chwal ki bay nan kategori Chwal) - 363,588 dola pou 30 ekta tè ak 73 pousan tè pwodiktif
- Agricultural Stewardship Association (Konte Washington) – Walker Farms (eksplwatasyon letye ki bay nan kategori Bèt oswa Pwodwi pou Bèt) - 1,259,163 dola pou 353 ekta tè ak 52 pousan tè pwodiktif
- Columbia Land Conservancy (Konte Columbia) – Shadowbrook Farm (eksplwatasyon bèt ki bay nan kategori Bèt oswa Pwodwi pou Bèt) - 227,200 dola pou 47 ekta tè ak 65 pousan tè pwodiktif.
- Agricultural Stewardship Association (Konte Rensselaer) – Mort’s Maple Farm (operasyon siwo derab ki bay nan kategori Agwoforè) - 268,667 dola pou 33 ekta tè ak 61 pousan tè pwodiktif

Rejyon Mohawk Valley (2,146,057 pou 30 eka tè):

- Otsego Land Trust (Konte Otsego) – Young Family Dairy Farm (eksplwatasyon letye ki bay nan kategori Bèt oswa Pwodwi pou Bèt) - 936,323 dola pou 152 ekta tè ak 63 pousan tè pwodiktif.
- Otsego Land Trust (Konte Otsego) – Peaceful View Meadows (eksplwatasyon vyann bèf ki bay nan kategori Bèt oswa Pwodwi pou Bèt) - 429,150 dola pou 40 ekta tè ak 49 pousan tè pwodiktif.
- Otsego Land Trust (Konte Otsego) – Miller’s Organic Dairy Farm-Allen Lake Road (operasyon letye akòde nan kategori Bèt oswa Pwodwi pou Bèt) - 260,214 dola pou 29 ekta tè ak 73 pousan tè pwodiktif.
- Otsego Land Trust (Konte Otsego) – Miller’s Organic Dairy Farm-Hoke Road (eksplwatasyon letye ki bay nan kategori Pwoteksyon Dlo Sous)- 520,370 dola pou 76 ekta tè ak 61 pousan tè pwodiktif.

Rejyon Mid-Hudson: (1,497,169 dola pou 125 ekta):

- Orange County Land Trust (Konte Orange) – Moraczewski Farm (eksplwatasyon zèb yo ki bay nan kategori Tè Agrikòl Vyab-Lòt) - 817,707 dola pou 67 ekta tè ak 38 pousan tè pwodiktif
- Dutchess Land Conservancy (Konte Dutchess) – Knapp Farm (operasyon rekòt komèsyal ki bay nan kategori Tè Agrikòl Vyab-Lòt) - 679,462 dola pou 58 ekta tè ak 78 pousan tè pwodiktif

Rejyon Santral New York (4,477,300 dola pou 490 ekta tè):

- New York Agricultural Land Trust (Konte Cayuga) – Staehr Family Farm (eksplwatasyon rekòt komèsyal ki bay nan kategori Tè Agrikòl Vyab-Lòt) - 875,316 dola pou 71 ekta tè ak 77 pousan tè pwodiktif.
- New York Agricultural Land Trust (Konte Onondaga) – Lockwood Farm (eksplwatasyon rekòt komèsyal ak mouton ki bay nan kategori Tè Agrikòl Vyab-Lòt) - 876,414 dola pou 48 ekta tè ak 77 pousan tè pwodiktif
- New York Agricultural Land Trust (Konte Cayuga) – Hourigan Farms of Elbridge (eksplwatasyon rekòt letye ak komèsyal ki bay nan kategori Tè Agrikòl Vyab-Lòt) - 799,040 dola pou 155 ekta tè ak 75 pousan tè pwodiktif.
- New York Agricultural Land Trust (Konte Onondaga) – Lue Maple Lane Farm (komèsyal rekòt letye ak komèsyal yo ki bay nan kategori Tè Agrikòl Vyab-Lòt) - 1,926,530 dola pou 215 ekta tè ak 68 pousan tè pwodiktif.

Rejyon Finger Lakes (18,936,083 dola pou 2,852 ekta tè):

- Genesee Valley Conservancy (Konte Wyoming) – Silver Haven Farms (eksplwatasyon letye ki bay nan kategori Tè Agrikòl Vyab-Lòt) - 1,876,790 dola pou 228 ekta tè ak 98 pousan tè pwodiktif
- Genesee Valley Conservancy (Konte Wyoming) – Woodvale Farms #1 (eksplwatasyon letye ki bay nan kategori Tè Agrikòl Vyab-Lòt) - 1,316,195 dola pou 171 ekta tè ak 75 pousan tè pwodiktif.
- Genesee Valley Conservancy (Konte Wyoming) – Woodvale Farms #2 (eksplwatasyon letye ki bay nan kategori Tè Agrikòl Vyab-Lòt) - 1,082,901 dola pou 143 ekta tè ak 57 pousan tè pwodiktif
- Western New York Land Conservancy (Konte Genesee) – Tiede Farm (eksplwatasyon rekòt komèsyal ki bay nan kategori Rekòt jaden) - 519,271 dola pou 99 ekta tè ak 56 pousan tè pwodiktif
- Finger Lakes Land Trust (Konte Yates) – Hallpine Farm (eksplwatasyon rekòt komèsyal ki bay nan kategori Tè Agrikòl Vyab-Lòt) - 782,232 dola pou 78 ekta tè ak 94 pousan tè pwodiktif
- Genesee Land Trust (Konte Genesee) – Branton Farms (eksplwatasyon rekòt komèsyal ki bay nan kategori Rekòt jaden) - 1,365,302 dola pou 236 ekta tè ak 77 pousan tè pwodiktif.
- Genesee Valley Conservancy (Konte Genesee) – Farm Cottonwood (eksplwatasyon letye ki bay nan kategori Bèt oswa Pwoudui pou Bèt) - 1,853,625 dola pou 318 ekta tè ak 41 pousan tè pwodiktif.
- Genesee Valley Conservancy (Konte Livingston) – Doolittle Farm (eksplwatasyon letye akòde nan kategori Bèt oswa Pwoudui Bèt) - 1,487,195 dola pou 252 ekta tè ak 81 pousan tè pwodiktif.
- Genesee Valley Conservancy (Konte Livingston) – Zornow Farm (eksplwatasyon rekòt komèsyal ki bay nan kategori Rekòt espesyal) - 1,385,953 dola pou 185 ekta tè ak 83 pousan tè pwodiktif

- Genesee Land Trust (Konte Wayne) – Westfall Farm (eksplwatasyon bèf ak rekòt komèsyal ki bay nan kategori Tè Agrikòl Vyab-Lòt) - 1,092,989 dola pou 97 ekta tè ak 73 pousan tè pwodiktif.
- Genesee Valley Conservancy (Konte Livingston) – Brady Farms #1 (eksplwatasyon rekòt komèsyal ki bay nan kategori Tè Agrikòl Vyab-Lòt) - 2,000,000 dola pou 517 ekta tè ak 91 pousan tè pwodiktif
- Genesee Land Trust (Konte Ontario) – Hickory Lane Farm (eksplwatasyon bèf ak rekòt komèsyal ki bay nan kategori Tè Agrikòl Vyab-Lòt) - 1,840,934 dola pou 110 ekta tè ak 59 pousan tè pwodiktif
- Genesee Valley Conservancy (Konte Livingston) – Locust Lane Farm (eksplwatasyon vyann bèf ki bay nan kategori Tè Agrikòl Vyab-Lòt) - 350,940 dola pou 57 ekta tè ak 91 pousan tè pwodiktif
- Genesee Land Trust (Konte Genesee) – Udderly Better Acres (eksplwatasyon letye ki bay nan kategori Tè Agrikòl Vyab-Lòt) - 492,626 dola pou 97 ekta tè ak 88 pousan tè pwodiktif
- Genesee Valley Conservancy (Konte Genesee) – Har-Go Farm (eksplwatasyon letye ki bay nan kategori Tè Agrikòl Vyab-Lòt) - 1,489,130 dola pou 256 ekta tè ak 60 pousan tè pwodiktif

Southern Tier (1,189,696 dola pou 173 ekta tè):

- Finger Lakes Land Trust (Konte Chemung) – Boorcrest Farm (eksplwatasyon vyann bèf ki bay nan kategori Tè Agrikòl Vyab-Lòt) - 1,189,696 dola pou 173 ekta tè ak 68 pousan tè pwodiktif

Komisè Agrikilti Eta a, Richard A. Ball, te deklare, "Pwoteje tè agrikòl nou yo se nan nwayo travay nou nan Depatman an pou devlope endistri agrikòl la, ranfòse chèn apwovizyonman manje a, ak konbat chanjman nan klima. Lè nou prezève tè agrikòl ki gen anpil valè nou yo kont presyon devlopman, nou ap kenbe resous enpòtan sa pou pwochen jenerasyon nou an epi nou ap ede kiltivatè ki ap grandi ak pwodui divès kalite rekòt ak pwodui pou re-envesti nan operasyon yo."

Senatè Michelle Hinchey te deklare, "Tè agrikòl New York yo se pami resous ki pi presye epi ki pi pa ka ranplase nou genyen, epi fè li tounen yon priyorite eta a pou pwoteje li pral ede asire li kapab kontinye fondasyon rezèv manje nou an ak yon patnè kle nan batay nou kont Kriz Klima a. Pwogram Sibvansyon pou Pwoteksyon Tè Agrikòl la te ede fèmye nou yo ak konsèvasyon tè lokal yo sove pou tout tan plizyè milye ekts tè agrikòl vilnerab. Felisitasyon pou Dutchess Land Conservancy ak Knapp Farm nan distri mwen an ak tout fèm atravè New York ki te resevwa prim finansman pou pwoteje tè yo kounya ak pou jenerasyon ki ap vini yo."

Manm asanble Donna Lupardo te di, "Mwen fyè paske nou te bay Pwogram Pwoteksyon Tè Agrikòl la priyorite yon lòt fwa ankò nan bidjè Eta a, sa ki ede kenbe tè agrikòl nan pwodiksyon ak fèmye yo nan biznis. Pwogram nan chita sou angajman nou anve ekonomi agrikòl NY, ansanm ak fè pwomosyon rezilyans klima. Felisitasyon ak tout moun ki resevwa sibvansyon yo; depi kote mete li sou pye, ansanm pwojè yo pral

konsève plis pase 4,977 ekta tè agrikòl. Travay enpòtan sa fèt nan non jenerasyon ki ap vini yo."

David Fisher, ki se Prezidan Biwo Agrikòl New York (New York Farm Bureau, NYFB), te deklare, "Premye tèren agrikòl New York esansyèl pou pwodiksyon rekòt ak bay espas ouvè. Biwo Fèm Agrikòl New York remèsye Gouvènè Hochul pou kontinye pwoteje fèm nou yo pou jenerasyon ki ap vini yo atravè Pwogram Pwoteksyon Tè Agrikòl yo. Finansman an pral anpeche devlopman sou kèk nan pi bon tè nan eta a pandan yo ap ede fèm fanmi yo re-vesti nan ti biznis yo."

Direktè Politik American Farmland Trust (AFT), Mikaela Perry, te deklare, "American Farmland Trust bat bravo pou Gouvènè Hochul ak lejislati a paske yo investi nan pwoteksyon pèmanan tè agrikòl New York yo. Pwoteksyon tè agrikòl se yon zouti enpòtan nan bati sekirite alimantè rejyonal, nan kontribye nan sante tè a ak dlo epi lè pwòp, epi asire tè yo disponib pou fiti kiltivatè yo. AFT felisite patnè konfyans tè nou yo ak 33 fèm yo ki pwoteje plis pase 4,856 ekta tè agrikòl paske yo te travay san pran souf pou prezève youn nan resous ki pi enpòtan nan eta nou an pou jenerasyon ki ap vini yo!"

Se Depatman Agrikilti ak Mache (Department of Agriculture and Markets) Eta New York k ap administre Pwogram Sibvansyon pou Mizannè Pwoteksyon Fèm Agrikòl yo ak opòtinite ki asosye pou sibvansyon li yo. Gouvènè Hochul te anonse disponiblite 47.25 milyon dola pou pwogram nan mwa jen 2023. Kòm yon pati nan finansman ki bay la, yo te atribiye 4.5 milyon dola nan chak nan 10 rejyon devlopman ekonomik Eta a. Faz 19 la te kontinye tou peman ankourajman yon sèl fwa nan 10 pousan nan valè servis pou konsèvasyon agrikòl la pou pwòje ki satisfè objektif rezilyans klima oswa pwoteksyon dlo sous yo.

[Gouvènè a te anonse premye seri sibvansyon yo, ak plis pase 6 milyon dola](#) yo te bay òganizasyon konsèvasyon san bi likratif yo pou achte sèvis konsèvasyon nan uit fèm, nan septanm 2023. Yo te anonse yon dezyèm seri finansman [an janvyè 2024](#), ki bay plis pase 5.5 milyon dola pou pwoteje yon total 857 ekta tè agrikòl ki gen anpil valè nan sèt fèm Eta New York.

An desanm 2022, Gouvènè Hochul te siyen lejislasyon ki fikse objektif pou sipòte ak kontribiye nan efò nasyonal pou konsève omwen 30 pousan tè ak dlo Etazini yo an 2030. Lwa sa a ankouraje divèsite biyolojik ak prezève bèt sovaj, forè, ak sous dlo pwòp New York yo, kote tout esansyèl pou sante ak ekonomi New York, amelyore kalite dlo, ak yon ajanda jistis anviwònman agresif. Anons jodi a sou prèske 33 milyon dola yo bay òganizasyon konsèvasyon san bi likratif pou pwoteje yon total de 5,000 ekta tè agrikòl ki gen anpil valè nan 33 fèm atravè Eta a atravè pwogram FPIG la pote eta a yon etap ki tou prè 30 pousan tè Etazini ak dlo rive 2030.

Pwogram Sibvansyon Mizannè Pwoteksyon Teren Agrikòl la bay asistans finansyè pou konte, minisipalite, distri konsèvasyon sòl ak dlo, ak fidisi fonsyè yo pou pèmèt yo mete anplas aktivite pwoteksyon tè agrikòl ki konfòm avèk plan pwoteksyon tè agrikòl ak

agrikilti lokal yo. Aktivite ki pi souvan finanse se acha dwa devlopman nan fèm endividyèl yo. Men, pwogram nan kapab bay finansman tou pou pèmèt lòt aktivite mizannèv, tankou amandman lwa lokal ki afekte agrikilti yo, akò opsyon, epi kouvri depans tranzaksyon pou dwa pasaj konsèvasyon agrikòl yo bay yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)